

# Sentòm Avètisman Ki Ka Siyale Dyabèt

## Yon Rezime Pou Infimyè Kap Travay Nan Lekol/Pèsonèl/Fanmi

*YON KOLABORASYON ANT FON JORDAN BENNETT WEISS E*

*DEPATMAN SANTE LA VIL NEWTON*

JBW FUND – PO Box 590223 NEWTON CENTRE MA 02459 – [JBWfund@aol.com](mailto:JBWfund@aol.com)

Jou ki te 19 janvyè 2003, Jordan Weiss, yon elèv klas katriyèm nan Lekòl Mason-Rice ki nan Newton, Massachusetts mouri sibatman nan dòmi li akòz konplikasyon an rapò ak dyabèt tip 1 (otrefwa jivenil) ke pesonn pat janm diagnostike.

Fanmi Jordan ak zanmi li te mete ansanm ak kominote a pou yo etabli Fon Jordan Bennett Weiss. Fon sa gen kom misyon pou sansibilize e edike kominote Newton la e patou sou zafe dyabèt tip 1 e 2 ak konplikasyon ki konn rive akòz de tip dyabèt sa yo.

Pou onore memwa Jordan, Fon JBW pran angajman pou distribye enfòmasyon sou sentòm avètisman ki ka siyale ke yon moun gen dyabèt, menm enfòmasyon ke fanmi Jordan pat jwenn a tan pou sove la vi li.

Konesans sentòm sa yo se pi gwo zam kont maladi sila. Pa fwa sentòm yo ka evidan e pa fwa yo pa evidan. Nan ka pa Jordan la, sentòm li yo te limite, sibtil e atribiye a lot maladi. Gen de sentòm ki konn paret komsa yo pa gen okenn rapò ak dyabèt. Men le yo we sentòm sa yo nan kontèks lis sentòm avètisman ki ka siyale dyabèt, sentòm sa yo ka sijere ke fok doktè fe entèvansyon.

Paske nou, an tan ke kominote, dedye tet nou pou travay pou byenèt elèv nou yo e timoun nou yo, nou espere ke w ta pran tan ou pou familiarize w ak sentòm avètisman dyabèt yo.

### **KONPÒTMAN yon timoun ka montre nan lekòl ki kapab endike yon ka dyabèt ki pa dyagnostike:**

- Li al nan twalèt souvan (espesyalman si li ale yon dèyè lot)
- Li al bwe dlo souvan
- Li irite fasil
- Li fatige souvan; e li manke enèji
- Li sanble komsa li pedi pwa
- Li ap fwote je li; e li gen difikilte pou li wè tablo a
- Li gen difikilte pou li rete atentif nan klas la

### **Pou yon timoun ki gen dyabèt (al cheche infimyè a imedyatman) si w wè**

- Li fatige souvan; e li manke enèji
- Li gen difikilte pou li rete atentif nan klas
- Li konfonn (sa kapab endike ke sik li ba) oubyen li gen difikilte pou li konsantre

# Sentòm Avètisman Ki Ka Siyale Dyabèt

A YON KOLABORASYON ANT FON JORDAN BENNET WEISS E DEPATMAN SANTE LA VIL NEWTON

JBW FUND – PO Box 590223 NEWTON CENTRE MA 02459 – JBWfund@aol.com

Familiarize tèt ou avek siy avètisman/sentòm dyabèt. Souvan sentom yo tre evidan, men pafwa yo pa evidan. **Deteksyon bonè e konesans** ki pou pemèt ou rekonèt sentòm avètisman yo se pi gwo zam ou genyen kont maladi sa e konplikasyon ki konn vini avek li.\*

**DYABET TIP 1:** *Sentòm sa yo souvan rive souvan sibatman. Yo dwe resevwa swen medical imedyat.*

esaped ik faws noY \*

nnabak nan ipip nan nuom nnar mnem il awfap ,navuos ipiP \*

(pipi a vinn an grann kantite)

uokneduot noyziv namjnahC \*

\* Nivo sik ki nan san e/oswa pipi moun la twò wo (Ou gendwa kapab pran yon sant sikre, kom yon odè fwi, nan pipi moun la e menm nan alenn li oubyen ko li)

(itepa lipna neg nniv al nuom) esaped ik uognarg noY \*

\* Yon pèt de pwa rapid ke pèsonn pa ka esplike

\* Fatig (feblès)

\* Chimerik e chanjman attitud

\* Kagou, kò kraze

\* Noze epi/oubyen vomisman

\* Vant fe mal

\* Esoufle, difikilte pou respire

\* Konfizyon, soule, endispoze

**DYABET TIP 2:** *Sentòm sa yo rive piti piti, men fòk yo resevwa atansyon medical imedyat.*

\* Vizyon twoub

\* Pikotman oswa pèt sansayson nan janm, pye oubyen dwat

\* Enfeksyon nan po ki rive ase souvan

\* Enfeskyon nan po, gansiv oubyen nan kanal irinè ki repete souvan

\* Tach nwa nan po w ki parèt an jeneral bo kou w

\* Gratel nan po w epi/oubyen nan pati prive w

\* Toujou gen anvi domi

\* Plè ak lot blesi pran anpil tan pou yo geri

\* Tout lot sentòm ki nan lis pou dyabèt tip 1 yo

**\* TANPRI SONJE: ANPIL NAN SENTOM SA YO KA RIVE AKOZ LOT MALADI KI PA GEN OKINN RAPO AK DYABET, TANKOU GRIP. DYABET PA VINI AVEK LA FYEV. SA SE YON PWEN KRITIK KI PEMET OU FE DIFERANS ANT GRIP AK DYABET! SE SELMAN YON PWOFEYONAL NAN DOMENN MEDIKAL KI KA BAW YON TES DYAGNOSTIK APWOPRIYE AK TRETMAN.**

Pou plis enfomasyon, al sou sit entenet sa yo [www.diabetes.org](http://www.diabetes.org) , [www.jdrf.org](http://www.jdrf.org) , [www.joslin.org](http://www.joslin.org) oubyen [www.JBWfund.org](http://www.JBWfund.org)